

## **Kusuma Zvakavanzika**

Vadzidzi vachaongorora kunzwisisa kwavanoita nyaya yezvakavanzika uye kuti zvingachinja sei upenyu hwavo pachavo. Vadzidzi vachaona mashoko avangada kusaudza vamwe uye kuti ndepapi pavangavaudza kana kusavaudza mamwe mashoko.

## **Zvekushandisa**

Mapepa Emutambo Wezvakavanzika

# Unoziva Chinonzi Kuchengeta “Zvakavanzika” Here?

## Mutambo Wezvakananzika

### Mutambo Wekirasi

Ipa Vadzidzi Mapepa Akanyorwa Emutambo Wezvakananzika.

### Udza Vadzidzi Vako

Zuva nezuva unosarudza kuudza kana kusaudza vamwe zvimwe zvinhu, kunyanya kana ukaenda paindaneti kana kuti kushandisa foni kana mimwe midziyo yemagetsi. Kazhinji kacho, unogona kusatombopedza nguva yakawanda uchifunga nezvenyaya idzi. Asi tikadzisanganisa dzese dzinotiudza manzwisisiro aunoita nyaya yekuchengeta zvakavanzika.

Kuchengeta zvakavanzika kukwanisa kusarudza zvingazivikanwa nevamwe vanhu maererano newe. Unogona kudaro nekutaura zvakanangana newe (zvakaadai sekuudza vamwe vanhu kero yekwaunogara kana kuti zvaunofarira kuita) kana kuita zvimwe zvinhu uine vamwe (zvakaadai sekuenda kunotenga neshamwari dzako wosarudza zviripamwoyo pako). Pane vamwe vasingafaniri kuudzwa zvimwe zvinhu, hazvinei nekuti uri mukamuri rine vamwe vanhu kana kuti uri kutaura navo paindaneti.

Iwe ndiwe unosarudza zvinofanira kuzivikanwa nevamwe. Maonero aunoita iwe nevemumhuri yako nyaya yezvakavanzika angasiyana nemaonero anoita vamwe vari muboka rino nemhuri dzavo. Kana tikanyatsonzwisisa zvinhu zvatinoti zvakanakosha kusaudzwa vamwe, uye kuti zvatinoita tiri paindaneti zvingazivikanwa, tichakwanisa kusarudza kuti toudza vamwe zvakanakawanda sei.

Iye zvino regai timbotamba kamutambo kezvakavanzika [tarisa Mapepa Emutambo Wezvakananzika] kachakubatsira kuona pane pfungwa dzako maererano nekuvanza zvimwe zvinhu. Nyora pamapepa awapiwa, tenderera mukamuri unawo, wokwazisa mumwe mudzidzi. Iwe nemumwe wacho bvunzanai mibvunzo yakanangana nezviripamapepa aya. Usaratidza mumwe mudzidzi mapepa ako! Mapepa ako haasi kuzotorwa panopera mutambo wacho — unogona kuenda nawo kumba kana kuarasa kana uchida.

Pakukurukura kwegwa kwegwa, mumwe nemumwe ngaapindure mibvunzo chero mitatu hayo inenge yabvunzwa nemumwe. Vanogona kupindura mibvunzo inodarika mitatu. Vanogonawo kusarudza mashoko ekutaurirana anodarika zvikamu zvitatu. Mumwe nemumwe achataura mashoko akawanda sei? Mumwe nemumwe achataura mashoko api? Ngatifambeitichikukurukura!

### Mutambo Wekirasi

Ita kuti vadzidzi vanyore pamapepa awavapa. Bvumira vadzidzi kuti vafambe-fambe mukamuri kwemaminiti 15 vachikurukura nevamwe. Pave paya, kurukurai mese pamwe chete muchishandisa mibvunzo inotevera. Kana mapedza, iva nechokwadi chekuti vadzidzi varasa mapepa avo kana kuti vaenda nawo — iwe murayiridzi usaenda nemapepa aya.

## **Nhaurirano**

### **Bvunza Vadzidzi Vako**

Pane zvimwe zvinhu zvausina kuudza chero munhu here? Ndezvipi? Nemhaka yei?

Wavaudza zvinhu zvipi? Nemhaka yei?

Munhu wese asarudza kusaudza vamwe zvinhu izvozvo here? Nemhaka yei / nei zvisina kudaro?

Zvichienderana nekuti uri kuudza ani, ungataura zvakawanda here kana kuti zvisioma, pamashoko akadai? Ungazvitauro rini?

Pane zvimwe zvawataura pamutambo uyu zvaungadai usina kuudza mumwe munhu here? Uchiregererei?

Mashoko aya anozivikanwa neruzhinji here? Mashoko aya ndeako wega here? Nemhaka yei? Ndizvo zvinofungwa nevese here?

### **Udza Vadzidzi Vako**

Sezvamanzwa, vanhu vanosarudza kuita zvakasiyana-siyana panyaya yezvekutaura nezvekusataura. Uye vane zvikonzero zvavo zvaita kuti vadaro.

Zvataita izvi wanga ungori mutambo. Asi zuva rega rega tinosarudza sezvataita apa mukurarama kwedu. Tinosarudza kuti toisa mimwe mifananidzo paindaneti here kana kuti torega. Tinosarudza kuti tonyora mamwe mashoko here ekuti tinowanika sei kana kuti torega, akadai sekero dzeemail, atinonyora panoonekwa neruzhinji. Zvatinosarudza zvingasiyana nezvingasarudzwa neshamwari yedu yepamwoyo, uye zvingasiyana nezvatakasarudza mwedzi wopera. Kunyange kana tikasarudza kusachinja zvatinaita panguva mbiri dzakasiyana, zvikonzero ndizvo zvinogona kunge zvachinja.

Zvisarudzo nezvikonzero izvi ndizvo zvinoratidza patimire panyaya yezvakavanzika.

Tichizvitauro nemashoko mashoma, zvatinosarudza kuudza kana kusaudza vamwe ndizvo zvaiti kuti zvakavanzika. Mashoko aya anogona kuva zvaiti, zvatinaita, zvatinofarira, zvatinogara tichiita uye zvimwe zveupenyu hwedu. Nekufambira mberi kwaita nyika kudai, pava nemikana yakawanda yekuudza vamwe mashoko maererano nesu. Saka zvakakosha kuti isu pachedu tinzwisise nyaya

yezvakavanzika, uye kuti tiri kugutsikana neruzivo urwu here kana kuti kwete.

### **Bvunza Vadzidzi Vako**

Tichitora kubva pane zvawaita pamutambo wezvakananzika, uye zvaunaita zuva nezuya, ungatsanangura zvakavanzika uchiti kudii? Nemhaka yei?

Ndizvo here kuti mashoko ese nezvako pachako anofanira kuvanzika?

1. Handizvo hazvo? Semuenzaniso, bhavhadhe rako ringasava sikireti sezvakaita dhayari rako. Kune gurumwandira revanhu pasi pano vanoziva zuva rawakazvarwa uye vanofanira kuriziva, vakadai sevabereki vako, vanokurera kana kuti chiremba wako. Asi chinhu chichizivikanwa nevamwe, unogona kuchiona sechakananzika chako. Vazhinji vedu hatidi kuti munhu wese wese azive bhavhadhe redu nekuti izuva rinofanira kuzivikanwa nevededyo chete, avo vane chikonzero chekuziva mashoko iwayo. Kusarudza kuti ndiani anofanira kuziva nezvedu, rini uye kuti nemhaka yei ndiwo musimbati wezvinhu zvedu zvakavanzika.

### **Bvunza Vadzidzi Vako**

Pane here zvimwe zvinhu zvingave zvichizivikanwa nevamwe asi zvaungada kuti zvive zvakavanzika kuvanhu vasina ukama newe, vanhu vauchangobva kusangana navo?

1. Nhamba dzerunhare, email, mifananidzo, mavhidhiyo, nezvimwewo.

Pane zvaungada kuti vabereki vako, vanokurera kana kuti shamwari dzako dzisaziva here? Ko vadzidzisi vako nevamwe varayiridzi?

1. Zvakabuda pabvunzo dzako dzekuchikoro, akaundi yako yeInstagram, dhayari rako.

Pane zvawadzidza zvakushamisa here nezvenyaya yezvakavanzika?

### **Udza Vadzidzi Vako**

Unogona kuenda kumba neMutambo Wezvakananzika kana tapedza zvidzidzo zvanhasi! Iye zvino wava kufunga patsva nezvekuvanza zvinhu, zuva nezuya uchaona mikana mizhinji yekuti ushandise ruzivo urwu.

# Basa Rekuita

## Basa Rekuita

### Udza Vadzidzi Vako

Iye zvino regai timboona kuti unonzwisisa nyaya yekuvanza zvimwe zvinhu kusvika papi.

1. Paindaneti, tsvaga mienzaniso yevanhu vatatu vakapa vamwe kana kunyora zvinhu zvaungadai usina kuita dai wakanga uri iwe. Vanogona kuva vanhu vane mukurumbira, vezvematongerwo enyika, vana muzvinabhizimusi, kana kuti unogona kutsvaga uchishandisa hashitagi kana kungotsvaga paindaneti wega. Edza kuwana zvakasiyana-siyana (zvakadai semifananidzo, mavhidhiyo, mashoko akanyorwa, ingava komendi yakanyorwa paindaneti kana mupepanhau) nezvenyaya dzakasiyana-siyana.
2. Semuenzaniso, nyora ndima imwe chete uchitsanangura kuti nemhaka yei waizorega kuudza vamwe vanhu zvinhu zvakadai. Mundima iyi, tsanangurawo kuti mafungiro ako angachinja here / angachinja sei pakuudza vamwe zvinhu izvi zvichienderana nevanhu vacho (sekuti ndiani wauri kuudza, kuti vanhu vangani varipo, chinangwa chekuvaudza, nzvimbo yamuri [kuchikoro kana kuti panze pechikoro]).

## Basa Rekuita

Ipa vadzidzi maminiti 40 ekuti vapedzise basa ravo.